**N. MAMADINOVA**
**M. AXMEDOVA**

# ÁTIRAPIMIZDAǴI ÁLEM

Ulıwma orta bilim beriw mekteAleriniń
1-klassı ushın sabaqlıq

*O'zbekiston Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tárepinen basıp shıǵarıw ishın usınıs etilgen*

**Tashkent**
**«O'zbekiston»**
**2016**

UO‘K 502.3(075.2)
KBK 20.1ya71
M 18

**Juwaplı redaktor:**

*Nigmatov Asqar* — Geografiya ilimleri doktorı, professor.

**Pikir bildiriwshiler:**

*N. Alimqulov* — Nizamiy atındaǵi TMPU Geografiya hám oni oqıtıw metodikası kafedrası baslıǵı, geografiya ilimleri kandidatı, dotsent.

*Sh. M. Sharipov* — Mirza Ulug‘bek atındaǵi O‘zMU geografiya kafedrası dotsenti, geografiya ilimleri kandidatı.

*N. Q. Azizova* — Tashkent qalası Yakkasaray rayonı 144-sanlı ulıwma bilim beriw mektebi baslawısh klass muǵallimi.

*M. I. Xojayeva* — Tashkent qalası Mirza Uluǵbek rayonı 142-sanlı ulıwma bilim beriw mektebi baslawısh klass muǵallimi.

**!** Sabaqlıqtaǵı tekstler oqıwshı yaki ata-analar tárepinen oqıwshılarǵa beriw ushın mólsherlengen. Oqıwshılar oqıwdı úyrengennen soń erkin túrde temalardı tákirarlawda paydalanıwı múmkin.

## Shártli belgiler


— Oqıwshı qızıǵıwshılıǵın arttırıwshı soraw hám tapsırmalar *(muǵállim tárepinen oqıp túsindiriledi)*


— Muǵállim tárepinen oqıp beriletuǵın hám túsindiriletuǵın tekst


— Ata-ana yaki basqa úlkenler járdeminde úyde orınlanatuǵın tapsırmalar


— Tapsırma *(tapsırma teksti muǵállim tárepinen oqıp beriledi)*


— Oqıwshı táripinen oqılatuǵın tekst


— Sabaq juwmaqlandı

**Respublika rejeli kitap jamg’armasi’ ha’rejetleri yesabi’nan basi’p shi’g’ari’ldi’.**

ISBN 978-9943-28-795-2

© N. Mamadinova, M. Ahmedova, 2016.
© «O‘zbekiston» NMIU, 2016.

# MAZMUNI


1. BIZIŃ MEKTEP .......... 6
2. BIZIŃ KLASS .......... 8
3. BIZIŃ MÁKAN .......... 10
4. KÓSHEDE JÚRIW QAǴIYDALARI .......... 12
5. OQIWSHINIŃ KÚN TÁRTIBI .......... 14
6. JEKE GIGIYENA .......... 15
7. QUYASH. HAWA RAYI .......... 16
8. JIL MÁWSIMLERI .......... 18
9. GÚZ. ÓSIMLIKLERDIŃ GÚZGI TIRISHILIGI .......... 20
10. ADAMLARDIŃ GÚZDEGI MIYNETI .......... 21
11. ÓSIMLIKLER DÚNYASI .......... 22
12. ÓZIMLIK BO'LIMLERI HÁM OLARDIŃ ÓSIWI .......... 24
13. GÚLLER .......... 26
14. BIZIŃ BAǴ .......... 27
15. ÚY HAYWANLARI HÁM QUSLAR .......... 28
16. JABAYI HAYWANLAR .......... 30
17. QUSLAR .......... 32
18. JÁNLIKLER .......... 34
19. QIS. JAŃA JIL BAYRAMI .......... 36
20. BIZ PAYDALANATUǴIN ZATLAR .......... 38
21. BIZIŃ ÚY. ASXANA .......... 40
22. GAZ HÁM ELEKTOR ÚSKENELERI .......... 42
23. KOMPYUTER .......... 44
24. BIZIŃ WATANIMIZ ÓZBEKISTAN .......... 46
25. SUW .......... 48
26. BÁHÁR. ADAMLARDIŃ BÁHÁRDEGI MIYNETI .......... 50
27. NAWRIZ .......... 52
28. MENIŃ QALAM ( AWILIM) .......... 54
29. TÁBIYAT HÁM BIZ .......... 56
30. JASIL DÁRIXANA .......... 58
31. JAZ .......... 60
32. ADAMLARDIŃ JAZDAǴI MIYNETI .......... 62


ISTIROHAT BOG'I
MAKTAB



# BIZIŃ MEKTEP






1. Súwrette kimler súwretlengen?
2. Olar qay jerde hám ne menen shuǵullanıp atır?











1. Súwrette qaysı sabaq shınıǵıwı kórsetilgen?
2. Olar qayerde ótkeriledi?






Súwrettegiler qaysı sabaqqa tiyisli?




Súwrettegi adamlar qay jerde hám ne menen shuǵıllanıp atır?

4-5 betlerdegi súwretlerde mektepti kórsetiń hám ol haqqında pikir jurgiziń.

1. Tómendegi súwretlerde neler súwretlengen?
2. Olar qayerde hám qanday maqsette paydalanıladı?







# BIZIŃ KLASS




Súwrettegi klass bólmesi hám sabaq barısı haqqında aytıp beriń.



Qaysı oqıwshılar unamsız háreketler islep atır?





Súwrettegi balalar ne islep atır? Klass bólmesin shamallatıw zárúrligi sebebin túsindiriń.





**Bul durıs** **Bul nadurıs**



Tómendegi jağdaylarğa óz pikirlerińizdi bildiriń.






# BIZIŃ MÁHÁLLE






Siziń máhelleńizde bulardıń qaysı biri bar? Ol orınlarda neler menen shuǵıllanadı?



Bul orınlar ne ushın kerek?









1. Súwrettegi adamlar ne islep atır?
2. Siz óz mákan jayıńızdı bilesizbe?

Súwrette máhálleniń qaysı orınları súwretlengen ?

1



2



3



# KÓSHEDE JÚRIW QAǴYDALARI



Akmal menen Zaxida nege toqtap turdı?



Akmal menen Zaxida joldı nege kesip óte basladı?

4-5 betlerdegi súwretlerden: kóshelerdi, kesilispelerdi, tratuarlardı, piyadalardıń ótiw orınların, svetoforlardı kórsetiń. Transport quralları atların aytıń.

Itibarsız bolsa kim,
Ko’zlerime qarap baq,
Jol kórseter hámmege,
Hár dayım úsh shıraq.



Svetofordıń reńli shıraqları «ne deydi»?



Kósheni pıyadalar ushın arnawlı ajıratılǵan orınnan kesip ótiw múmkin.



Joldan bunday tártipte ótiw múmkin.



Bul tárizde ótiw múmkin emes.

Súwrettegi jaǵdaylarǵa óz pikirlerińizdi bildiriń.



# OQIWSHINIŃ KÚN TÁRTIBI



Oqıwshınıń kún tártibibniń tań sáhárdegi bólimi berilgen. Onıń qalǵan bólimlerin dawam ettiriń.

Kún tártibi sáwlelengen súwretlerdi tuwrı izbe-izlikte jaylastırıń.



## SHAXSIY GIGIYENA





Akmal bunday shınıǵıwlar menen kúnniń qaysı bóliminde shuǵıllanadı?





Qızlardıń unamsız háreketlerin kórsetiń.

Hár úyde bar keregi,
Urıp tursa júregi.



Súwretke óz pikirlerińizdi bildiriń.



# QUYASH. HAWA RAYI













Súwrette tiykarınan quyashtıń hawa rayına tásiri haqqında pikir bildiriń.



Shıǵıstan shıǵar,
Batıstan batar.









Burshaq hám jawınnıń qáwipli tareplerin aytıp beriń?



Súwrettegi ana hám balanıń túrli kiyimler kiyiw sebepleri nede? Ońtáreptegi súwretlerde kúnniń qaysı bólimi súwretlengen?

Kólenkege qarap quyashtıń qaysı tárepte ekenligin aytıń.



1 2 3 4



Ata-anańızdan súwrettegi tábiyat qubılısları haqqında maǵlıwmat alıń.

# JIL MÁWSIMLERI









1. Hár bir máwsimdi táriplep beriń.
2. Siz qaysı máwsimde kóbirek qanday shınıǵıwlar menen shuǵıllanasız?









Zuw – zuw eser ózi joq,
Bir sır gezer, izi joq.





## GÚZ ÓSIMLIKLERDIŃ GÚZGI TIRISHILIGI

Gúzde miyweler pisip jetilisedi. Sońolardıń japıraqları sarǵayıp jerge túsedi. Atızlarda paxta, palız, miywe hám ovoshlar pisedi. Atızlarda gúzgi biyday dáni egiledi.









Xurma tereginiń gúzgi kórinisin tabıń?



# ADAMLARDIŃ GÚZDEGI MIYNETI









Gúzde atızlarda ashılǵan paxtalar terip alınadı. Baǵlardaǵı miyweler tolıq pisedi. Atızlarda eginler jıynap alınadı. Egislik jerler súrip qoyıladı. Bazarlar miywe hám palızlar menen bayıtıladı.



## ÓSIMLIKLER DÚNYASI



Ósimlikler dúnyası terek, puta hám jasıl shóplerden ibarat.

Adamlar baǵlarda, atızlarda yamasa jer ucastkalarında ósiretuǵın ósimlikler mádeniy ósimlikler dep ataladı.

Toǵay, taw-taslarda, shól, qır hám dalalarda adamlar qatnasısız ósetuǵin ósimlikler jabayı ósimlikler dep ataladı.

### Terekler



terek



qaraǵay



emen



kashtan

### Putalar



qızıl jıńǵil



nastarin



seksewil



namatak

### Kók shópler



rayxan



ajırıq



jantaq



qamıs



Súwrettegilerden terek, puta ham kók sho'plerdi ajıratıp ko'rsetiń.

Tereklerdiń japıraqların eslep qalıń:

 – qayıń  – majnún tal  – shınar

 – emen  – kashtan  – terek

1. Terek, puta ham kók shóplerdi ajıratıń.
2. Olardıń qaysıları mádeniy?



## ÓZIMLIK BÓLIMLERI HÁM OLARDIŃ ÓSIWI



Kópshilik ósimliklerdiń tamırı, shaqaları, paqalı japıraǵı, gúli hám miywesi boladı.






Súwrettegi ósimliklerdiń tamırı, shaqaları, japıraǵı, gúli hám miywesin kórsetiń.



Súwretlerdi táriplеń.





Qızıl, sarı qazıqlarım,
Dámi tatlı azıqlarım.



Ósimlikler tamırlarınıń hár qıylılıǵı.





1. Palız eginleriniń atların aytıń.
2. Siz jáne qanday tamırda miywe-lewshi ósimliklerdi bilesiz?

Súwrette neler sáwlelengen?

1



2



3



## GÚLLER

Gúller bólmede, baǵda, uchastkalarda, sharbaqlarda ósedi. Úlkemizde rayxan, qálempir, gúlsapsar, lala, baysheshek, romashka gúlleri keń tarqalǵan.

Gúllerdiń atlarn aytıń. Olar qayerde ósedi?



Bólme gúllerin ósiriwge úlken itibar beriw kerek.



1. Súwrettegi gúllerdiń atların aytıń.
2. Olardıń qaysıları mádeniy?



# BIZIŃ BAĆ

Baǵımızda hár qıylı miywe terekleri bar. Shańaraǵımız aǵzaları menen birgelikte erte báhárden gúzge shekem miywe tereklerin tárbiyalaymız. Sonıń ushın baǵımızda miywe terekleri mol ónimli. Biz baǵdaǵı jumıslarda úlkenlerge járdem beremiz. Mazalı alma, almurt hám behi miywelerin jegenimizde miynetimiz zaya ketpegenligin sezemiz.



Miywelerdiń atların aytıń.



Biziń úlkemizde jetilistiriletuǵın hám jetilistirilmeytuǵın miywelerdiń atların jazıń.

# ÚY HAYWANLARI HÁM QUSLAR



Úy haywanları hám quslar adamlardıń úy sharbaqlarında hám fermalarda saqlanadı. Adamlar olardı baǵadı. Úy haywanları adamlar ushın zárúr bolǵan azıq – awqatlardı beredi.



Sıyırdan – teri, gósh hám sút alınadı.

Qoydan – teri, gósh, may hám jún alınadı.

Tawıqtan – gósh, máyek hám pár alınadı.



Úy haywanları hám quslardıń atların aytıń. Olardı adamlar qanday maqsette asırap saqlaydı?









1. Úy haywanların kórsetiń.
2. Sharbaqtaǵı adamlar ne menen shuǵıllanıp atır?

Jerde júredi áste,
Suwda júziwge usta,
Qosıqları ǵoq-ǵoq-ǵoq,
Júnli jalpaq ayaq.



Úy haywanları hám quslardı ajıratıp kórsetiń.



## JABAYI HAYWANLAR

Jabayı haywanlar toǵay, taw, shól, tegislik hám dalalarda, dárya hám teńizlerde jasaydı. Olardıń ayırımları ot-shópler, dánler hám miyweler menen azıqlanadı. Yaǵnıy olardıń azıǵı ósimlikler bolıp tabıladı. Oladıń ayırımları bolsa, basqa haywanlardı awlap kún keshiredi, yaǵnıy olar jırtqıshlar bolıp esaplanadı.

Haywanlardıń atların aytıń.

Ósimlikler menen azıqlanatuǵınlar



Jırtqıshlar



Haywanat dúnyasında ósimlik hám janiwarlar menen de azıqlanatuǵınları da bar.





1. Súwrettegi ertektiń atın bilesizbe?
2. Bul ertekte qanday haywanlar qatnasqan?

Jabayı haywanlardı tabıń.



Haywanlardıń atların aytıń. Olar haqqında nelerdi bilesiz?







## QUSLAR

Qanatları hám párleri bar janıwarlar quslar dep ataladı. Quslardıń kópshiligi dán, ósimlik hám miyweler menen azıqlanadı. Olar jánliklerdi, qurt-qumırsqalardı da jeydi. Biraq, búrkit, lashın sıyaqlı iri jırtqısh quslar mayda haywanlar hám quslardı awlap azıqlanadı. Suwda balıq awlaytuǵın quslar da bar.



Ápiwayı sózge aylanar tili,
Qápesti xosh kórmes kewli.

Quslardıń atların aytıń.



Qarlıǵashlar kóbinese úylerdiń tóbelerine uya saladı. Biraq olar úy qusları emes.

Bódene úyde baǵıladı. Biraq ol jabayı halda da ushırasadı. Búlbil eń jaǵımlı sayraytuǵın qus. Túyequs usha almaydı. Ol tez juwıradı.






1. Súwrettegi ertektiń’ atın aytıń.
2. 3- súwrettegi ushar aydarhanıń hám 4- súwrettegi ushar attı qus dep atasa bolama?









# JÁNLIKLER



Jánlikler mayda jániwarlar bolıp tabıladı. Olardıń kópshiligin siz úyińizde, kóshede baǵlarda hám salma boylarında ushıratqansız.







Súwrettegi kiyim-kenshek hám gezlemeler pilleden alınadı.

Jipek qurtı tut teregi japıraqların jeydi. Adamlar bul qurtlardı baǵıp pille aladı.



Adamlar pal hárresinen pal aladı. Demek, ayırım jánlikler adamlarǵa payda keltiredi eken.





Shegirtke, mayqońızı sıyaqlı jánlikler zıyanlı esaplanadı. Biraq olardıń da tabiyatta óz ornı bar.

Jánlikler kishkene bolsa da, olardın denesi quramalı dúzilgen.

## Gúbelek denesiniń dúzilisi




Qanat qaǵıp gúlden – gúlge qonadı,
Sol demde gúlden – gúller ónedi.

Jánliklerdin atların aytıń.



# QIS. JAŃA JIL BAYRAMI



Qısta hawa júda suwıq boladı. Hámme jer appaq qar menen búrkenedi. Suwlardıń ústin muz qaplaydı.



Súwret tiykarında qıs haqqında gúrrińlesiń.







Súwret tiykarında qısta ko'shede júriwdiń qáwpi haqqında sáwbetlesiń.



1. Súwretke qarap jańa jıl bayramı haqqında sóylep beriń.
2. Siziń shańaraǵıńızda jańa jıl bayramı qalay bayramlanadı?

Jasıl kiygen kóylegi,
Sheshilmeydi sıra da,
Tórt máwsimde barháma,
Ózgermeydi kóylegi.



Bul jaǵdaylardıń unamsız táreplerin tabıń.



# BIZ PAYDALANATUĞIN ZATLAR





Súwrettegi kiyimlerden qıs, jaz, gúz hám báhárdegilerin ajıratıp kórsetiń.





Bul adamlar kiyimleriniń olar shuğıllanatuğın kásibi menen qanday baylanısı bar?





Súwrettegi úskenelerden kim, qáyerde, qanday maqsette paydalanatuğının aytıp berin.

## Tayar awqatlar



## Sút ónimleri




## Mazalı zatlar



## Ovoshlar



## Miyweler



Tómendegilerdiń qaysıları ovoshlar, qaysıları miyweler?



Súwretlerdegi siz paydalanatuǵın zatlardıń ayrımları basqalarınan zarúrli dep aytsa bolama? Ne ushın?



# BIZIŃ ÚY. ASXANA



Úyińizdegi bólmelerdiń atların bilesizbe? Bólmelerdegi biletuǵın buyımlardıń atların aytıp beriń.





Súwrettegi zatlardan qaysıları asxanada, balalar bólmesinde, sharbaqta turıwı kerek?





Akmaldıń shańaraq aǵzaları ne menen shuǵıllanıp atır? Olar qanday zatlardan paydalanıp atir.

Átirapımızdaǵı zatlardı hár qıylı kasip iyeleri islep shıǵaradı. Olardıń miynetlerin qádirlew kerek. Átirapımızdaǵı buyım hám úskenelerden abaylap paydalanıw biziń minnetli wazıypamız.

1. Súwrettegi adamlar bizge qanday xızmet kórsetedi?
2. Olardıń miynetin ne ushın qádirlewimiz kerek?



# GAZ HÁM ELEKTOR ÚSKENELERI



Elektr toki úyimizge jaqtılıq hám jıllılıq beredi. Kir juwǵanda, utyug basqanda, úy tazalaǵanda elektor tokinan paydalanamız.





1. Elektor úskeneleriniń atların aytıń.
2. Olar ne ushın kerek?



Elektor utyugpen, televizorlardı jaǵılǵan halında qaldırmaw kerek. Sebebi elektor tarmaqlarındaǵı nasazlıq sebep órt shıǵıp ketiw hám órt payda bolıwı múmkin.



Bul nadurıs     Bul durıs

 

Súwrettegi kórinislerge ózińizdiń sın kóz qarasıńızdı bildiriń.

Gaz úskenelerinen tek úlkenler járdeminde ǵana paydalanıwıńız tiyis!



Bul nadurıs Bul durıs

Gaz iyisin sezgenińizde 104 ke, órt baslansa 101 ge qońıraw etiń! 

1  2  3  4 

Qaysı jaǵdayda gaz hám eletor áspablarınan paydalanıwda qátelikke jol qoyılmaqta?

# KOMPYUTER



Búgingi turmısımızdı kompyutersiz kóz aldımızǵa keltiriw qıyın. Kompyuter arqalı oqıw hám jazıw múmkin.

Ol is júrgiziw de minnetsiz járdemshi bolıp esaplanadı. Kompyuter esap-kitap jumısların tez hám anıq orınlaydı. Onıń járdeminde oyınlar oynaw múmkin.

Kompyuter tómendegi orınlarda keń qollanıladı:



Bilimlendiriw orınlarında



Ofisda



Sawda tarawında





Kompyuter járdeminde basqarılatuǵın zatlardıń atların aytıń.

Kompyuter oyınların hadden tıs kóp oynasańız:



1. Kózińizge zıyanlı;
2. Waqtıńız zaya ketedi;
3. Sabaqlarıńız úlgeriwsiz qaladı;
4. Ata-anańızdı qapa qılasız.





Ishinde kóp – kóp bilim,
Onda turmıs jasırın.

Házirgi kúnde adamǵa uqsas kompyuterlestirilgen robotlarda jaratılmaqta. Olar tap adamlarǵa uqsap háreketlenedi, so'ylesedi hám buyrıqlardı orınlaydı.






1. Súwrettegi buyımlardıń atların aytıń.
2. Olar qanday wazıypalardı orınlaytuǵınlıǵin bilip alıń.






# BIZIŃ WATANIMIZ ÓZBEKISTAN



Ózbekistan sulıw, bay hám payızlı mámleket. Biz Watanımız benen maqtanamız. Bul úlkede jasaw biz ushın baxıt bolıp tabıladı.

Ózbekistan ǵárezsiz mámleket. Ǵárezsizlik jıllarında Watanımız gózzallastı, jetiskenliklerge eristi, rawajlandı.

Ǵárezsizlik jıllarında: Úlken imaratlar qurıldı





Zamanagóy kárxanalar salıp pitkerildi.





Bilimlendiriw orınları qurıldı hám úskenelendi.













Súwretler járdeminde Ózbekistan tabiyatı haqqında aytıp beriń.

Tashkent – Watanımız paytaxtı. Bul sabaqlıqtıń 4-5 betlerindegi súwretlerden paydalanıp, paytaxtımız Tashkent qalası haqqında gúrrińlesiń.

Súwrettegi orınlardıń atların bilip alıń. Bul orınlarda balalar neler menen shuǵıllanadı?









# SUW

Quyash nurı tásiri astında teńiz, dárya hám kóller betinen suw puwlanıp bultqa aylanadı. Bultlardan jawın hám qar jawadı. Daryalar suwdı tawlardaǵı muzlıqlardan aladı. Egislik jerlerdi suwǵarıw ushın suw salma hám kanallardan alınadı. Bulaq hám qudıqlarda suw derekleri boladı.







Úylerde paydalanıw ushın suw tazalanǵan halında jetkerilip beriledi.



Suwdan paydalanıwda nelerge itibar beriliw kerek?

Qaynatılmaǵan suwdı ishpeń! Ol den-sawlıq ushın qáwipli.



1. Súwrettegi jaǵdaylarǵa qarap suw basseyinlerindegi qáwipsizlik haqqında ne dep oylaysız?
2. Únemlilik haqqında nelerdi bilesiz?



## BÁHÁR. ADAMLARDIŃ BÁHÁRDEGI MIYNETI





Báhárde tabiyat oyanadı. Quyash nurınan qarlar erip ketedi. Darya hám salmalar suwga toladı. Ot-shópler jap-jasıl ónip shiǵadı. Gúller ashıladı. Baysheshek, lala, lalaqizǵaldaqlar kózdiń jawın aladı. Terekler bórtik shıǵaradı hám japıraqlaydı. Uzaq úlkelerden jaz qusları ushıp kele baslaydı.









Súwretlerge qarap báhár derekshileri haqqında kishi gúrriń dúziń.

Báháde pal hárresi ósiriwshileri óz pal hárrelerin gúllegen baǵlar hám dalalarǵa alıp shıǵadı. Terek hám gúl nálleri egile baslaydı. Atızlarda báhárgi jumıslar hawij aladı.






Súwretlerge qarap báhár hám báhárdegi jumıslar haqqında gúrrıń tayarlań.







# NAWRIZ





1. Nawrız qanday bayram?
2. Bulday kórinis sizlerge tanıspa?
3. Siziń shańaraǵıńızda, máhelleńizde, mektebińizde Nawrız bayramı qanday belgilenedi?





«Nawrız keypiyatı» degen ibaranıń mazmunın súwretke qarap táripleń.

Taǵamıman Nawrızdıń,
Úmitimen rısq-nesiybeniń,
Tasqazanda pisemen,
Geyde kóprip tasaman,
Orınlanar hár tilek,
Pisirse kim ...



Nawrız bayramı haqqında gúrriń tayarlań.







# MENIŃ QALAM (AWILIM)





Akmal sóz etedi: «Men úlken hám sulıw qalada jasayman. Onıń kósheleri keń, imaratları kórkem, mákánları abat. Biz qaladan aǵıp ótetuǵın kanalda shomılamız. Meniń qalamda balalar hám jası úlkenler ushın barlıq qolaylıqlar jaratılǵan».





Bahadır bolsa óz awılı menen maqtanısh etedi. Ol: «Meniń awılım qaladan qalıspaydı», – deydi.





4-5 -bettegi súwretlerden qala hám awıl úylerin ajıratıp kórsetiń.

Súwrettiń awıl bólimin súwretleń

Súwrettiń qala bólimin súwretleń



Súwretler tiykarında gúrriń tayarlań.









# TÁBIYAT HÁM BIZ

«Tabiyat penen doslasıw» degen tárip tómendegi súwrettegi balalarǵa hám úlkenlerge sáykes keledi:





Úlkemiz táiyat baylıqlarına bay. Sheksiz qır dalalar, gózzal baǵ – baǵshalar, tawlar, tınıq suwlar, adamlardı hámme waqıt ózine tartadı. Adamlar bul sulıw orınlarǵa sayaxatqa shıǵadı hám ráhátlenip dem aladı. Watanımız tabiyatın asıraw hám saqlap qalıw biziń minnetli wazıypamız bolıp tabıladı.

Iyrek, tuwrı túyeler,
Bir- birine súyener,
Qatıp turar jıl sayın,
Bawrında ǵazine, zer.



4-5 betlerdegi súwretlerden paydalanıp tabiyat kórinisin súwretleń.

Tábiyat qoynına sayaxat dáwirinde nelerge itibar beriw kerek?





Bul durıs





Bul nadurıs




Súwretke qarap terekti qalay tárbiyalaw kerekligi hám onıń miywe beriwge shekemgi baqlanatuǵın jaǵdaydı aytıp beriń.

«Tabiyatqa dos» bolǵan bala qanday qásiyetlerge iye bolıwı kerek dep oylaysız? Bul haqqında jazıń.

# JASIL DÁRIXANA



Elimiz dárilik ósimliklerge júda bay. Olardıń ayırımları tawlarda, toǵaylarda, shól hám tegisliklerde jabayı halda ósedi. Ayrım túrdegi dárilik ósimlikler bolsa dala hám baǵlarda adamlar tárepinen jetilistiriledi.

Kóbirek jabayı halda ushırasatuǵın myata, qıshıtqı ot, romashka, gúlqayrı sıyaqlı ósimlikler kóplegen dártke dawa.



Súwrettegi dárilik ósimliklerdiń atın aytıń.






Ánar júda tanıqlı dárilik ósimlik. Ánardıń miywesi, japıraqları hátte qabıǵıda dári bolıp esaplanadı.



Malina, qızıl hám qara qaraǵatlardı xalqımız vareniye qılıp dári sıpatında paydalanadı.



1. Súwrettegi dárilik ósimliklerdiń atların aytıń.
2. Paldıń dárilik qásiyetleriniń sebebin 2- súwretke qarap aytıp beriń.





Miywe hám ovoshlar vitaminge bay boladı. Sonıń ushın olardı kóbirek paydalanıw den-sawlıǵımız ushın paydalı.

Súwrettegi ósimliklerdiń atların bilip alıń. Olardıń dárilik qásiyetleri haqqında maǵlumat toplań.



## JAZ

Jazda hawa júda ısıp ketedi. Kúnler usın, túnler bolsa júda qısqa boladı. Oqıwshılar jazǵı dem alıw lagerlerinde dem aladı.



Balalar ne menen shuǵullanıp atır.



Súwret tiykarında balalrdıń jazǵı oyınları haqqında aytıp beriń.





«Jaz jemisleri» sózdiń mánisin joqarıdaǵı súwretlerden paydalanıp túsindiriń.

Balalrdıń jazdaǵı iskerligi haqqında gúrriń tayarlań. Bunda súwretlerden paydalanıń.









## ADAMLARDIŃ JAZDAǴI MIYNETI



Báhárde egilgen sali, biyday, sıyaqlı dán eginleri áyne jaz paslında pisip jetiledi. Olardı orıp jıynap aladı.



Baǵlarda ayrım miyweler uwıljıp pisedi. Atızlarda ovosh hám palız eginleri jetilisedi. Diyxanlarımız bul jemislerdi siz hám bizge jetkeriw ushın tınımsız miynet qiladı.







Sizde dem alısta úlkenlerge járdem beresizbe?

Jaz paytında kóp bolgan hár túrli paliz ónimlerin hám miywelerdi adamlar qayta isleydi. Qıs paytında bolsa bul konservalanǵan ónimlerdi házlik penen jeydi.



Súwretler tiykarında adamlardıń jazdaǵı miyneti haqqında gúrriń tayarlań.



M 18 **Atrofimizdagi olam:** Umumiy o‘rta ta’lim maktablarining 1-sinfi uchun darslik / N. O. Mamadinova, M. A. Ahmedova. — T.: «Huquq va Jamiyat», «O‘zbekiston» NMIU, 2016. – 64 b.

N. Mamadinova.

ISBN 978-9943-28-795-2

**UO‘K 502.3(075.2)**
**KBK 20.1ya71**

*O‘quv nashri*

**Nopiyaxon Olimbekovna Mamadinova**
**Muazzamxon Axmariddinovna Ahmedova**

# ATROFIMIZDAGI OLAM

Umumiy o‘rta ta’lim maktablarining
1- sinfi uchun darslik

*(qoraqalpoq tilida)*

*Original maket «Huquq va Jamiyat» dizayn studiyasida tayyorlangan*

Toshkent — «**O‘ZBEKISTON**» NMIU — 2016

Awdarmashı — G. Abdikarimova

Redaktor — G. Abdikarimova

Texnik redaktor — B. Karimov

Xudojnik — N. Jo‘raboyev

Original-maketten basıwǵa ruxsat etildi 15.08.2016.
Formatı 70x90$^{1}/_{16}$. «Arial» garniturası. Ofset usılında bosıldı.
4,68 shártli baspa tabaq. 4,76 esap baspa tabaq.
Nusqası 13 158. Buyırtpa № 16-378.

**«O‘zbekiston» NMIU bosmaxonasida bosildi.**
**Toshkent sh., Navoiy ko‘chasi, 30.**